



*ReadBoston Downloadable Handouts: Haitian Creole*

# AP GRANDI LEKTÈ

Lespri yon moun gwosi jiska 80% de pwa kò li pandan twa premye ane la vi li.

An mwayèn, timoun ki genyen 1 an a 3 zan apran 10 nouvo mo pa jou.

Lè pitit ou rantre nan jaden danfan li dwe konnen epi kapab itilize ant 5,000 a 8,000 mo.

## **KI JAN OU KA EDE DEVLOPMAN LANGAJ AK ALFABETIZASYON PITIT OU?**

### **PALE AVEK LI**

Nonmen tout sa'w wè sou kote'w, paske sèvo pitit ou ap ranmase tout sa li tande!

Poze pitit ou keksyon epi ba li yon ti tan pou li repon ou tankou model konvèsasyon gran moun.

Sa motive epi devlope konfidans lè gran moun pran yon ti tan pou tande ti moun piti.

Fè tout bagay sa yo nan lang pa'w.

### **LI AVEK LI**

Ti moun apran li...le'w li pou li

Lekti louvri lespri ti moun a lòt vokabilè, devlope kapasite atansyon yo, epi devlope yon lanmou pou liv depi yo tou piti.

Li ansanm tout tan: anvan li al dòmi, pandan li chita sou twalèt, pandan wwayaj, epi pandan moman repo.

Li liv epi pale sou foto ou wè nan liv yo nan lang pa'w.

### **CHANTE AVEK LI**

Mizik se langaj inivèsèl nou. Pati mizik ak langaj maronnen nan sèvo nou.

Chante apran ti moun piti kadans langaj, devlope vokabilè epi li fè yo tande pi byen.

Chante nan lang pa'w.

### **JWE AVEK LI**

Ti moun apran pi byen lè yap jwe epi lè yap fè mouvman ak kò yo (lè nou chante nou fè mouvman)

Pitit ou apran lè li enterese epi angaje nan sa li ap fè a.

Pwofite moman jwèt ....jwe jwèt ki enterese pitit ou.